

David Do
Manm Komisyon/Prezidan
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Jason Kersten
Afè Piblik
press@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

AVI: Pèman Amelyorasyon Règleman Frè Ale Retou **Yo**

Pèman frè ale retou yo, k ap pran chè 29 Novanm 2023, ap chanje konsa:

Yon pasaje dwe peye tout frè ki enpoze yo pandan yon vwayaj, sof pou lè li soti nan:

- Rockaway Peninsula ki ale sou Cross Bay Veterans Memorial Bridge nan Queens
- Rockaway Peninsula ki ale sou Marine Parkway – Gil Hodges Memorial Bridge nan Brooklyn
- Staten Island sou Verrazzano Narrows Bridge nan Brooklyn

Yon pasaje dwe peye frè a de fwa (2x) ke yo enpoze l pandan yon vwayaj lè li soti nan:

- Queens ki ale sou Cross Bay Veterans Memorial Bridge nan Rockaway Peninsula
- Brooklyn ki ale sou Marine Parkway – Gil Hodges Memorial Bridge nan Rockaway Peninsula
- Brooklyn ki ale sou Verrazzano Narrows Bridge nan Staten Island.

Chanjman règleman yo konsène tout taksi jon yo, machin transpò pou pasaje nan wout (SHL) yo, ak machin pou lwe, san bliye machin transpò yo ki afilye a yon baz, machin nwa yo, ak limouzin yo.

Tout distans mèt pou taksi jon yo ak SHL yo dwe ajiste apati de 29 Novanm 2023.

Ekzanp: Lè yon chofè pase pran yon pasaje depi Rockaway Peninsula epi pasaje a vle ale nan Queens, pasaje a pa gen pou li peye frè a pou Cross Bay Veterans Memorial Bridge.

Ekzanp: Lè yon chofè pase al pran yon pasaje depi Brooklyn epi pasaje a vle ale nan Staten Island, pasaje a dwe peye frè a de fwa (2x).

Pou nenpòt kesyon ki gen rapò ak distans mètrè pou taksi jon ou a oswa SHL ou a, tanpri kontakte founisè TSP w la.